# AYGÚL TNIBAEVA

*Ózbekistan mamleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

*"Muzıka kórkem óneri" fakulteti 2-kurs studenti*

***Tlepov Ílxambek***

*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gúlmaryam***

**Anotasiya:** Bul maqala xalqımızǵa belgili bolǵan Tnıbay baqsınıń áwladı Karımbay Tnıbaevtıń qız perzenti Aygúl Tnıbaeva haqqında. Bul maqalanı jazıwımızdan sebep Tnıbaevlar áwladınıń qaraqalpaq kórkem ónerine úlesiniń belgili orın iyelegenligi sebeplı hár bir perzentiniń dóretiwshilik jolın aytıp ótiwdi orınlı dep oyladıq.

**Gilt sózler:** Muzıka, kórkem óner, vokal, fortepiano, orkestr, dóretiwshilik, dawıs, sazende, qırmısh.

Muzıka insanǵa ruwxiy gózzallıqtı ózine taratatuǵın sezimli dawıslar menen toltırılǵan ájayip dúnyanı jańalıq ashıw imkaniyatın beredi. Muzıka til yamasa shegara tosıqların bilmeydi. Kóbinese adamlar ayta almaytuǵın ishki sezimlerin muzıka irǵaqları sesleri arqalı sáwlelendiredi.

Xalqımızda atadan balaǵa, ustazdan shágirtke ullı mıyras bolıp ótip kiyatırǵan milliy muzıkamız ásirler dawamında rawajlanıp usı kúnge shekem jetip kelgen. Búgingi kúnde Kárimbay Tnıbaevtıń hárbir perzenti qaraqalpaq kórkem óneriniń rawajlanıwında hár túrli jóneliste ózleriniń dóretiwshiligin alıp barıp atır. Mısalı Murat Tnıbaev girjek áspabında, Aygúl Tnıbaeva vokal jónelisinde, Polat Tnıbaev bolsa simfonıyalıq orkestr dirijorı bolıp islep atır.

K.Tnbaevtıń búlbúl dawıslı qızı Aygúl Tnıbaeva 1972-jılı Nókis qalasında muzıkantlar shańaraǵında dunyaǵa keledi. Ákesi xalqımızǵa belgili bolǵan Tnıbay baqsınıń perzenti Karımbay Tnıbaev bolǵan. Karımbay aǵa ózi baqsı hám sázende bolǵanlıqtan onıń balalarınıń derlik hámmesi ata jolın dawam etti desek asra aytqan

bolmaymız. Usı perzentleriniń biri Aygúldiń muzıkaǵa qızıǵıwshılıǵı tómendegishe bolǵan:

Kúnlerdiń bir kúninde A.Tnıbaeva anası Qurbangúl menen qonaqqa baradı. Sol jerde fortepiano áspabın kórgen kishkene Aygúl áspabqa barıp hám onı ashıp tártipsiz klavishların basıp taslaydı. Sonda mıymanǵa kelip otırǵan jası úlken apalar "Bizlerge kesent etip atırsań qoy tınıshımızdı alma" dep eskertedi. Bıraq bul ásbap A.Tnıbaevanıń yadında saqlanıp qaladı hám qaytaman degenshe fortepiano qaptalında aylanshıqlap oynay berdi. Úyge kelgennen soń anası onı ákesi Karımbayǵa jetkeredi hám qızınıń sonday ásbapqa qızıqqanın kórgen ákesi onı túsinip sol ásbaptı perzentine alıp beredi. Sol kúnnen baslap A.Tnıbaevanıńń quwanıshı qoynına sıymaydı azannan keshke shekem hár bir klavishin basıp kóredi. Fortepiano klavishlerin basta tártipsiz basıp kóredi onnan soń hár klavishtı bólek-bólek basadı, basıp bolǵannan keyin óziniń  dawsına qosıp baqırıp aytatuǵın bolǵan. A.Tnıbaevanıń muzıkaǵa qızıǵıwshılıǵı usınnan baslanǵan.

K.Tnıbaev óziniń balalarınıń muzıkaǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw ushın birine duwtar birine rubab prima saz áspabın alıp beredi, hám ózi shertip ózi kórsetip dás qaǵıwlarında úyretip barǵan. Usınday atmosferada ósken Aygúl muzıkaǵa ıqlası bálent boladı.

1979-jılı A.Tnıbaeva "Ayapbergen Musaev" atındaǵı ulıwma bilim beriw mektebine  barǵan bolsa, ol mekteptiń oqıwshıları ayrım sebeplerge kóre "Maksim Gorkin" mektebinde ótkeriledi, hám A.Tnıbaeva sol jerde oqıwın dawamlaydı. Sol mektep janında 2-sanlı balalar muzıka mektebi bar bolıp, ol jerde balardıń qosıq aytıp atırǵan dawısların esitip ákesi Kárimbay aǵaǵa mende sol jerge barayın dep usınıs beredi. Ákesi qızınıń usınısın qollap-quwatlap "Fortepiano" klasına oqıwǵa baredı, hám bul jerde Munira Xadjaxmedovna klasında oqıydı. Ol mektepte fortepiano, xor, solfedjio sabaqları boladı, hám kún sayın hár túrli namalardı shertip úyrenedi. A.Tnıbaeva xor sabaǵında óziniń dawsınıń barınsha qosıq aytıp qosıq aytıwdı da saplastırıp bara beredi, al solfedjio sabaǵına barǵanda bolsa onıń

qağıydaların úyrenedi, yağnıy ol muzıka álemine elede tereń kirip baradı. Kúnlerdiń birinide xor sabağında basqalardan dawsı ayrıqsha bolıp aytıp turğan A.Tnıbaevanı mektep direktorı Ilich Xojametov esitedi hám dawsın unatıp erinbesten waqıt ajıratıp ózi jeke sabaq bere baslaydı, hám sol waqıtları ótkerilgen kórik tańlawlarğa alıp baradı. Kúnlerdiń birinde bir kórik tańlaw túslik waqıtqa durıs kelıp qaladı hám ash bolğan A.Tnıbaeva qasındağı koncertmeyster menen birgelikte qırmısh hám kofe iship keledi. Tańlaw waqtında bolsa óziniń oylağanınday qılıp qosıq ayta almaydı, tańlawdan keyin ustazı seniń qarnıń ash qalmadı ma? dep oğan qayırqomlıq etken waqtında A.Tnıbaeva men qırmısh penen kofe ishtim dep maqtanadı, sonıń ushında sen qosıqtı durıslap ayta almağansań ğo dep Ilich Xojametov oğan azraq qapalığın bildiredi. (qırmısh qosıqshılar qosıq aytıwdan aldın jewge bolmaydı) Usı maylı tağam A.Tnıbaevanıń kórik tańlawda II-orındı alıwına sebepshi boladı.

Álbette mektep pitkerip bolğan soń hár bir bala onıń dawamın oqıw kerek, eger onıń qızığıwshılığı anıq bir bağdarğa bağdarlanğan bolsa. Solay eken A.Tnıbaeva da óz qızığıwshılığı boyınsha 8-klastı pitkergennen soń Japaq Shamuratov atındağı kórkem óner bilim jurtına “Vokal” bólimine oqıwğa tapsırıp óziniń ájáyip dawsı menen oqıtıwshılardı lal qaldıradı, braq qasındağı birge oqığan klaslas dosları med uchelishisine tapsırğanlığı sebeplı A.Tnıbaeva óz qızığıwshılığınan bas tartıp olar menen birge oqıwğa tapsıradı. Bıraq onıń oylağanınday is bolmaydı, oqıwğa kire almaydı. Kirip turğan oqıwımnan bos qaldım aw degen A.Tnıbaeva “Jığılğan grúske toymaydı” degendey keyingi jılı jáne Japaq Shamuratov atındağı kórkem óner bilim jurtına oqıwğa tapsırıp Sapargúl Kenjaliyeva klasında tórt jıl dawamında tálim aladı. Tágdırdıń qálewi menen A.Tnıbaeva 3-kurs waqtında Bazarbay Seydullaev penen turmıs quradı, hám 1992-jıl úlken perzenti Gúldáste dunyağa keledi. Ayrım turmıs sebepleri menen A.Tnıbaeva joqarı oqıw ornın oqıy almaydı. Waqıttıń ótiwi menen bári-bir joqarı mağlıwmatlı bolaman degen ózine oy salğan A.Tnıbaeva “Berdaq” atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń sırtqı tálim bóliminiń “Muzıka tálimi”

fakultetinde bilim aladı. Álbette sırtqı tálimde oqıw ushın hár bir student balalar muzıka mektebinde jumıs islewi kerek bolǵanlıǵı sebeplı "Esshan baqsı" atındaǵı balalar muzıka mektebine jumısqa kiredi. Ol waqıtta bul jerde "Vokal" bólimi bolmaydı, bıraq tıykarǵı bilimi jaqsı bolǵanlıǵı sebepli hám qaraqalpaq tilinde kadrlardıń jetispegenlikten mektepte solfedjio sabaǵınan oqıwshılarǵa bilim berip baslaydı. Bos waqıtlarında bolsa ózi fortepiano shertip ózi qosıq aytadı, bunı esitken oqıwshılar A.Tnıbaevaǵa qosıq aytıp úyretiwin ótinish etedi. Oqıwshılardıń intasın sezgen A.Tnıbaeva erinbesten olarǵa qosıq úyretip hár qıylı kórik tańlawlarda qatnasadı. Sol tayarlaǵan oqıwshıları qatarınan Timur Nuraddinov, Sarbinaz Karimbaeva sıyaqlı oqıwshılardı tayarlaǵan. Óziniń tayarlaǵan studentleri menen Qashqadárya walayatında bolıp ótken "Muxtar Ashrafıy" atındaǵı kórik tańlawda qatnasıp ekinshı orındı aladı. Onnan soń 2014-jılı jáne sol "Muxtar Ashrafıy" atındaǵı kórik tańlawda sıylı birinshi orındı aladı.

2016-jılı Artıqbay Erejepov direktor bolıp keledi hám muzıka mektebinde "Akademiyalıq vokal" qániygeligi ashıladı. Házirgi kúnde Aygúl Tnıbaeva vokal klası boyınsha sabaq berip kóplegen shákirtlerdi tayarlap kelmekte.

A.Tnıbaevanıń Gúldásteden basqa Islam, Sultanbek, Arslanbek atlı perzentleride bar, perzentleride ata-ana jolın dawam etip hár biri muzıka tarawında óz jumısların alıp barıp atır. Olardıń muzıkaǵa qızıǵıwshılıǵıda balalıq dáwirinen baslanǵan. Úlken qızı Gúldáste ele bir jasqada tolmaǵan waqırlarında "Yalla" toparınıń "Junnuri" qosıǵın súyip tıńlaytın bolǵan, besikke bólengen waqtında da jańaǵı qosıqtı esitse uyqlap atırǵan waqtında da ritmdi uslap oyınǵa túsip ketetin bolǵan. Ata-anası keshki waqıtta spiktakllerde qatnasatın bolǵanlıǵı sebepli balaların taslap ketiwge adam tappaǵan hám sol sebepli olardıń perzentleri teatrǵa erip barǵan, derlik olardıń ómirleri teatrda ótken. Bálkim olardıń kórkem ónerge qızıǵıwı sol dáwirden baslanǵan bolıwı múmkin. Spektakllerde kórgenlerin úyine kelip Gúldáste menen Islam ózleri jáne úyinde ata-analarına sahnalastırıp qoyıp beretin bolǵan. Gúldásteni anası ózi fortepianoda oqıǵannan soń qızında sol jóneliste

muzıka mektebinde oqıtqısı keledi, bıraq mektepte fortepiano klası tolıp qalǵanlıǵı sebepli xor dirijorlıǵı qániygeligine oqıwǵa beredi. Muzıka mektebinde Gúldáste tek xor dirijorlıǵı boyınsha emes gitara jónelisi boyınshada Qural Berdaqov klasında oqıǵan. Kúnlerdiń bir kúninde Gúldásteni gitara boyınsha kárik tańlawǵa alıp baradı hám tańlawda jeńimpaz bolıp jetpismıń aqshalı sıylıǵın iyeleydi. Anasınıń aytıwı boyınsha bul sıylıqtın jıgırma besmıńına ákesine velosiped alǵan, al qalǵanların ózleriniń kemis-qutıǵına isletken eken. Jáne gápiniń dawamında anası qızınıń kóplep kórik tańlawǵa qatnasıp ol jerden sıylıqlar alıp kelgenligi haqqında sóz etti. Onnan soń Gúldáste muzıka mektebinde violanchel boyınsha Maxmut Zuxuruv klasında, muzıka uchelishiyinde bolsa Bekbergenov Maxmut klasında tálim aldı.Uchelishiydi pitkergennen soń Ózbekstan mámleketlik konservatorıyasına violanchel áspabı boyınsha oqıwǵa qabıllandı. Ol jerde oqıp júrgen waqtında “Yoshlar” orkestrı ashıladı hám sol orkestrde jumıs isley baslaydı, oqıwdı pitkergennen sońda sol jerde jumısın dawam ettiredi. Orkestrde islep júrgen waqtında Gúldáste óziniń ómirlik joldasın ushrastıradı yaǵnıy Aydos Erniyazov penen tanısadı. Házirgi waqıtta úsh jıllıq shártnama boyınsha Qıtay respublikasında simfonıyalıq orkestrda sazende bolıp islep atır, hám eki perzenti bar. Islam házirgi waqıtta Opera hám baqsıshılıq mektep internatında koncertmeyster, xor dirijorlıǵı, vokal, muzıkatanıw baǵdarlarında jumıs islep atır. Islam da balalıǵınan muzıkaǵa qızıǵadı hám koncertlerge barǵanda dirijorlardı kórse solarǵa uqsap qolların oynata beretuǵın bolǵan. Onnan keyingi perzenti Sultanbek kishkene waqtında telediydar arqalı orkestr shertip atırǵanın esitse arasındaǵı shertip atırǵan ásbaplardı parıqlay alatuǵn dárejede esitiw qábileti joqarı bolǵan, házirgi waqıtta Ózbekstan mámleketlik konservatorıyasınıń skripka áspabında oqıwı menen bir waqıtta, “Bravo” orkestirine sazende spatında jumıs alıp barıp atır. Kishkene perzenti Arslanbek házirgi waqıtta klarnet áspabı boyınsha oqıp atır.

Quwanıshlısı sonda Aygúl Tnıbaeva hám Bazarbay Seydullaevlar shańaraǵındaǵı perzentlerde baba kásibin dawam ettirip baqsı bolmasada klassik

ásbaplarda dóretiwshiligin dawam ettirip kelmekte. Bul áwlattan áwlatqa ótiw arqalı ulken shejirede kelip shıǵadı, ham xalqımızdıń mádeniyatınıń rawajlanıwında jánede ózleriniń úlken úlesin qosadı dep oylaymız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. G.Kamalova U.Tursınbaeva “Qaraqalpaq milliy muzıka atqarıwshıları” (biografiyalıq ocherk)

2. G.Kamalova “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” Nókis

3.D.Allanazarov “Qaraqalpaq sazları” Nókis

4. A.Erejepov “Qaraqalpaq milliy saz ásbapları”

5. G.Kamalova G.Orazalieva “Duwtar zawqı” Nókis-2023

6. G.Kamalova A.Muratbaeva “Qaraqalapaq xalıq maqtanıshı” Nókis-2023